



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 4 Mathematics Test, Book 1**  
**March 5–9, 2007**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**

Ane **4**

**5–9 mas 2007**



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

## Egzanp A

$$\begin{array}{r} 227 \\ + 14 \\ \hline \end{array}$$

- A 311
- B 241
- C 231
- D 232

## Egzanp B



Ki nimewo k ap sèvi answit?



A



B



C




D

## Egzanp C



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.  
Konbyen pous ki nan longè bwòs dan yo montre anba a?



A 2

B  $2\frac{1}{2}$

C 3

D  $3\frac{1}{2}$

**RETE LA**




**1**

Kantite moun k ap viv nan Goodwin Falls se twa mil nèf san huit.  
Ki yon lòt fason pou ekri nonb sa a?

- A 398
- B 3.098
- C 3.908
- D 3.980

**2**

Miguel mete oto jwèt li yo nan 5 ranje, avèk 7 oto nan chak ranje,  
jan sa endike anba a.



Ki ekspresyon ki ka itilize pou jwenn kantite total oto jwèt Miguel genyen?

- A  $5 + 7$
- B  $5 + 5 + 5 + 5 + 5$
- C  $7 \times 7 \times 7 \times 7 \times 7$
- D  $5 \times 7$

***Kontinye***

**3**

Shane genyen 387 tenb nan koleksyon li. Kijan 387 ka awondi pou rive nan dizyèm ki pi pre a?

- A 370
- B 380
- C 390
- D 400

**4**

Fòm devan twati yon kalòj zwazo endike anba a.



Ki non fòm nan?

- A kare
- B lozanj
- C rektang
- D trapèz

**5**

Ane pase, George ak Tina te li anpil liv. George te li 1.864 paj, epi Tina te li 1.429 paj. Ki kantite total paj George ak Tina te li ane pase?

- A 2.283
- B 2.293
- C 3.283
- D 3.293



**6**

Greg fè tablo Antre-Sòti ki anba a.

**TABLO ANTRE-SÒTI GREG**

<b>Antre</b>	<b>Sòti</b>
4	12
9	27
6	18
8	24

Ki règ ki ka itilize pou jwenn chak nonb **Sòti**?

- A** Miltipliye pa 3.
- B** Divize pa 3.
- C** Miltipliye pa 4.
- D** Divize pa 4.

**7**

Lee pote 6 bwat bonbon nan fèt Juan. Genyen 9 bonbon nan chak bwat. Ki kantite total bonbon Lee pote nan fèt la?

- A** 15
- B** 48
- C** 54
- D** 56

***Kontinye***

**8**

Pwofesè Tony an ekri fraz nimerik sa a sou tablo a.

$$15 \div 3 = 5$$

Ki fraz nimerik Tony ka itilize pou tcheke sa pwofesè li ekri a?

**A**  $3 \times 5 = \square$

**B**  $5 \div 3 = \square$


**C**  $3 \times 15 = \square$

**D**  $15 \times 5 = \square$

**9**

Sèvi ak règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Ki longè kreyon koulè ki endike anba a?



**A**  $2\frac{1}{4}$  pous

**B**  $2\frac{1}{2}$  pous

**C**  $2\frac{3}{4}$  pous

**D**  $3\frac{1}{4}$  pous

Jen						
Dimanch	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi	Samdi
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30		

Jou fèt Liam se 7 jen. Egzakteman 3 semèn apre, Liam prale nan kan.  
Nan ki dat Liam prale nan kanping lan?

- A 10 jen
- B 19 jen
- C 21 jen
- D 28 jen

***Kontinje***

**11** Madmwazèl Smith mete 56 liv nan yon bibliyotèk ki gen 7 etajè. Li mete yon kantite egal liv sou chak etajè. Konbyen liv Madmwazèl Smith mete sou chak nan 7 etajè yo?

- A 7
- B 8
- C 49
- D 63

**12** Kisa ki menm ak 30 dizèn?


- A 3 inite
- B 30 inite
- C 3 santèn
- D 30 santèn

**13** Lendi, 3 otobis lekòl mennen elèv yo nan Miller School. Chak otobis pote 34 elèv. Konbyen elèv otobis yo mennen nan Miller School jou lendi a?

- A 92
- B 97
- C 102
- D 112

14

Graf ba ki anba a montre kantite total lajan Manuel sere sou kat mwa.



Si Manuel kontinye sere menm kantite lajan an chak mwa, ki total lajan l ap sere nan 6 zyèm ma a?

- A \$30
- B \$70
- C \$75
- D \$90

***Kontinye***

**15**  $46 \div 3 =$

- A 12
- B 12 R 1
- C 15
- D 15 R 1

**16** Riley ekri ekspresyon ki anba a.

$$(9 \times 2) \times 8$$

Ki ekspresyon ki ekivalan ak ekspresyon Riley a?


- A  $9 \times (2 \times 8)$
- B  $9 + (2 + 8)$
- C  $(9 \times 2) + 8$
- D  $(9 + 2) \times 8$

**17** Ki nonb ki gen pi gwo valè nan pozisyon milyèm?



- A 12.294
- B 28.682
- C 34.971
- D 50.816

**18**

Nathan onbre  $\frac{2}{4}$  nan figi ki anba a.



Ki rektang ki nwasi pou montre yon fraksyon ekivalan a  $\frac{2}{4}$ ?



***Kontinye***





**19**

Mesye Stevens monte 9 seri eskalye pou li ale nan biwo li. Chak seri eskalye genyen 10 mach. Ki kantite total mach Mesye Stevens monte pou li ale nan biwo li?

- A 19
- B 81
- C 90
- D 99

**20**

Connie koupe de figi kongri sou papye. Ki pè figi Connie te koupe?





**21** Mesye Matias achte 102 boutèy dlo pou ekip foutbòl la. Dlo a vini nan kès ki gen 6 boutèy nan chak. Ki fraz nimerik ki ka itilize pou jwenn kantite kès dlo Mesye Matias te achte?

A  $6 \times 102 = \square$

B  $102 \div 6 = \square$

C  $6 + \square = 102$

D  $102 - \square = 6$

**22** Elèv Madmwazèl Keller gen yon objektif pou ranmase yon total 48 bwat manje chak jou nan ranmasaj manje yo. Ranmasaj manje a ap dire 8 jou. Si yo reyalize objektif yo, ki kantite total bwat elèv Madmwazèl Keller yo ap ranmase?

A 324

B 334

C 366

D 384

**23** Ki kalite nonb, lè yo miltipliye ansanm, gen yon pwodui ki se yon nonb enpè?

A  $pè \times pè \times pè$

B  $pè \times pè \times enpè$

C  $enpè \times enpè \times pè$





D  $enpè \times enpè \times enpè$

***Kontinye***

24


Piktogram ki anba a montre kantite moun ki te vizite Mize Grove Art nan kat dènye mwa yo.

### VIZITÈ NAN MIZE BOZA

Mwa	Kantite Vizitè
Avril	
Me	
Jen	
Jiyè	
Out	?

**LEJANN**

---

 = 50 moun

Si kantite moun ki vizite mize a kontinye ogmante nan menm ritm lan, konbyen moun k appi **pwobab** pou vizite mize a nan mwa out?

- A 200
- B 250
- C 350
- D 500

25

Genyen 20 pake ji sou etajè yon boutik. Chak pake ji genyen 12 bwat ji. Ki kantite total bwat ji ki sou etajè a?

- A 24
- B 32
- C 200
- D 240

**26** Ki nonb ki pou liy anba a pou fè fraz nimerik la kòrèk?

$$4 + 2 > \underline{\quad} + 2$$

- A 2
- B 4
- C 6
- D 8

**27** Jane pral achte pitza pou yon fèt. Tablo anba a montre pri pou kantite diferan pitza.

### PRI PITZA

Kantite Pitza	Pri
1	\$4
2	\$8
3	\$12
4	\$16


Ki ekspresyon ki ka itilize pou jwenn pri 10 pitza?

- A  $10 \times 4$
- B  $10 + 4$
- C  $16 \times 4$
- D  $16 + 4$

***Kontinye***

28

Olivia vle trase yon oktagòn. Li trase 2 segman dwat ki endike anba a.



Konbyen segman dwat **anplis** Olivia dwe trase pou li konplete oktagòn nan?

- A 2
- B 3
- C 4
- D 6

29

Dan reveye a 7:30 A.M. jou samdi. Li deplase pou li al jwe foutbòl a 10:00 A.M. Konbyen tan Dan genyen depi li leve jou samdi anvan li deplase pou li al jwe foutbòl?

- A 1 èdtan 30 minit
- B 2 èdtan
- C 2 èdtan 30 minit
- D 3 èdtan

30

Nan modèl ki anba a, ki nonb ki sipoze nan kaz la?

0, 5, 4, 9, 8, 13, 12, 17, 16,

- A 15
- B 19
- C 20
- D 21

**RETE LA**









**Ane 4**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**  
**5–9 mas 2007**

**Grade 4**  
**Mathematics Test**  
**Book 1**  
**March 5–9, 2007**